FEED THE FUTURE
The U.S. Government's Global Hunger & Food Security Initiative

GINDIKAAY JËLUB DOGALU SAYTU LUY YÀQ LIM BU WERT AK BU MBOQ

# Saxi FAW yi ci ci Mboq mi

## Senegaal

*Spodoptera frugiperda*



Dayoob nenu sax wi (Fall Armyworm) (Desiree van Heerden, Syngenta)



Saxu katarpilaaru Fall Armyworm. Seet "Y" bu dëppu ci bopp bi wala taxañu ñeenti tomb ci gànnaaw (Russ Ottens, Iniwersite Georgia, Bugwood.org)



Yàqute ci xàb, waral ab "panowu palànteer" (Phil Sloderbeck, Iniwersite Réewu Kansas, Pàcc bi yor wàllum Entomosi (xeetu melentaan yi))

## Fàggandiku

- Teelal ji sa mboq, su taw bu njëkk bi wàccee, ndax saxi FAW yaa ngi gëna bari su waxtu góob jotee.
- Moytul ji mboq mi ci jamono yu wuute ndax lii dafay may saxi FAW yi ñu yàgg di am luñuy dundee.
- Jiwal xeetu mboq mi saxi FAW yi mënalul dara soo ko amee.
- Nanga ji xeetu mboq muy gaawa ñor..
- Jëfandikool xeetu àngare yi gën ndax mboq mi mëni dabuwaat li sax yi yàq.
- Fexel ba barab bi wër palaŋ bi baña am ay ñax.
- Jiwal ay gañcaxi lujum ak garab yu am tóor-tóor yu yànj, loo mën rekk, ndax yenn gunóor yu am njariñ yi ak yenn rab ak picc yi am fu ñu làqu.
- Mboqu Intercop ak ay jur yu mën nekk ak yu mënul nekk bu baax, niki ariko ak ñambi. Jiwaaleel mboq mi ak yeneen xeeti gàñcax yu mu mëna àndal, manaam arikoo ak ñàmbi.

## Càmbar

- Tàmbali saytu su mboq mi tambalee sax.
- Saytul 10 ba 20 mboq ci 5 barab yu wuute ci tool bi te xayma % bu cong gi (Yëral Formileeru Saytu gi).
- Seet luy firndeel lekkug sax (FAW) yi:
  - Su saxi FAW yi nekkee liir bu tooy, ci lanuy gëna neexa saafara..
  - Saxu FAW yi dañoo jafe gis lool suñu tuutee.
  - Seetal ay màndargay lekku FAW ci xob yiy jebbi ci digg bi (xol bi): ay tomb yu am melo yu leer ( panlànteer") ak ay bën-bën yu gudd.
  - Seetal ndax amul yeneen saxi FAW yu dajoloo ci xolu mboq mi..

**Tombu dogal:**

- Su xolu mboq mi di màgg (ba tollu ci say óom), wutal saafara sudee >20% garab yi dañu yàqu.
- Su gënee màgg (ba tolloo ak say mbagg), wutal saafara sudee >40% ci xol yi dañoo yàqu ci lu yàggul dara.
- Su mboq mi tàmbalee am doom ak tóor-tóor, bul ci përëdi.

## Saytu gañcax gi

*Kolon bu Wert bii dafay xamle ay tànnéefi saytu yu gën wóor ngir ay baykati yu ndaw.*

- Ci tooli yu tuuti yi, dindil ak sa loxo te yàq jalu nen yi yi akliiri sàx yi.

## Saytu gañcax gi | Tere yi

*Kolon bu Mboq bi dafay xamle tànnéefi saytu yuy laaj yeneeni matuwaayi kaaraange ngir baykat yu ndaw yi.*

- Moytul pompe tasaare lu yaatu përërdi ndax mën na ray gunóor yu am njariñ yi wala mu yàq jumtukaay bi.
- Bul jëfandikoo ludul përëdi yiy ray saxu FAW kese, lu ci melni yiñ lim ci suuf.
- Danga wara sol mbir yuy aar sa yaram bu baax su ko defee përëdi bi dula sonal noonu. Mbir yooyu ñooy kombinesoŋ, ay gaa ak mask booy noyyee.
- **Diir bi jiitu góob bi (PHI)** mooy diggante bi nga defee përëdi bi ak bi ngay góob. Diiru PHI biñ joxe dafa jëlaale yenn matuwaay yi, waaye sudee diiru PHI bi ci përëdi moo gëna gudd, nanga tànn diir bi gëna yàgg.
- **Diir bi ñuy tere ku ci dugg (REI)** mooy diir bi kenn warul dugg ci tool bi ginaaw buñ ko pompee.. Diiru REI biñ la jox du am njariñ ludul ñu bañ laa jox diiru PPE bi. Su diiru REI biñ bind ci këyitu përëdi bi gënee gudd diir biñ bind ci suuf, jëlël diir bi gën a gudd label..

Ngir am yeneeni leeral, yëral: Fall Armyworm in Africa: A Guide for Integrated Pest Management (USAID & CIMMYT), WHO Recommended Classification of Pesticides (WHO), Pesticide Risk Assessment (Jepson *et al*., DOI: 10.1098/rstb.2013.0491)

| | |
|---|---|
| *Bacillus thuringiensis* | **REI** 1 bis; **PHI** 1 bis<br>**Toftalu OMS** III Xawa Wooradi |
| Chlorantraniliprole | **REI** 1 bis; **PHI** 21 bis<br>**Toftalu OMS** U Dansërë Ñàw Wooradi |
| Acétamipride + Lambda-cyhalothrine | **REI** 1 bis; **PHI** 21 bis<br>**Toftalu OMS** II Xawa Daansërë |

USAID FROM THE AMERICAN PEOPLE · CABI · CIMMYT International Maize and Wheat Improvement Center

**BINDKAT YI**: Durocher-Granger L (CABI), Babendreier D (CABI), Huesing JE (USAID), Jepson PC (Oregon State University), Eddy R (USAID), Prasanna BM (CIMMYT). PMDG bii ci ndimbalal Feed the Future lañ ko defaree, jokkool ak *fallarmyworm@usaid.gov.*
Ab mayekatu consortium moo yore Plantwise Yëral *www.plantwise.org.*
**ÑIKO DEFAR:** Samba Diao BA (DPV), Willane AF, Gaye M, Ndour M, Diene O, Dieng EO, Cisse RM, Faye Y, Fall PM, Ndiaye A.
**SOSKAT/YEESALKAT:** Awril 2018

**ÑAKK TUUTI, DUNDAL LU BARI**

Plantwise ab mbebetu àddina bu CABI saytu la.

# Këyitu saytu-jàngoro

| Bis biñ ko jiwee: | Dëkk bi: | | | | | | | Barab bi: | | | | | | | Sa tur: | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Ayu-bis 1 | | | | | | | Ayu-bis 2 | | | | | | | Ayu-bis 3 | | | | | | |
| Bisu esàntiyoŋ bi | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Fi màggaayu mboq mi tollu: | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Bisi taw yi/bariwaay bi: | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Insektisid yiñ ci def, ni mu tollu ak bis yi: | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Njoxey fiiru feromen yi | Gënal kaweel fiir gi su mboq mi di gëna màgg. Naa suufu fiir gi sutee mboq mi lu weesu 30 cm. | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Limu FAW yu mag yi: | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Limu AAW yu mag yi: | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Su mboq mi doonee lu ndaw (VE-V6)** | **Saytul (2 ba 3) kob yu bees yiy sooga sax ci mboq mi.** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Juróomi dal** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** |
| #Limu mboq yi am xob yu bees/Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| #Limu mboq yi am xob yu am sax/ Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Bu mboq mi demee ba màgg (V7-VT)** | **Saytul ñatt ba ñeenti yoon (3 ba 4) xobu mboq yu bees yi ak tóor-tóor yi ciy jebbi.** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Juróomi dal** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** |
| #Limu mboq am xob yu bees/Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| #Limu mboq yi am xob yu am sax/ Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Su tóor-tóor yi ak suwaa bi di feeñ (R1-R3)** | **Xoolal bu baax mboq mi, xob yi, gupp yi, suufu xob yi ak kaw xob yi.** | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| **Joróomi dal** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** | **1** | **2** | **3** | **4** | **5** | **Boole** | **%** |
| #Limu mboq yiñ yàq bu yàggul/Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| #Limu mboq yi am sax/ Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| #Mboq yi seeni gupp yàqu/Boole lépp | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |